ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№115 (23.273) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 17, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым**

# Хабзэ зыбжанэ зэрагъэзэхуэж

**КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ.**

АБЫ законопроект зыбжанэм щыхэплъащ, язынsocial... 





Министр Тюбеев Альберт.

ликэм и мылъкур нэхъ зэригъэзэхуэнущ», - къыхигъэщащ министрым.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ! Егоровэ Татьянэ жиIащ адэ-анэхэм я бынхэм папщIэ сабий гъэсапIэхэм, школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэр здашэ IуэхущIапIэхэм ират уасэмкIэ защIэгъэкъуэныр Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэрилъытэр.

Депутатхэм зэдэарэзыуэ зэIущIэм къыщащтащ «Республикэм и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ», «КъБР-м и щIалэгъуалэ политикэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законхэм я проектхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатым и дэIэпыкъуэгъум ехьэлIауэ Положенэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2016 гъэм и япэ мазищым гъэзэщIа зэрыхъуам тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лыхь Заур. Абы къыхигъэщащ зи гугъу ящI пIалъэм республикэм и хэхъуэр сом меларди 5-рэ мелуан 706,6-м зэрынэблэгъар, 2015 гъэм елъытауэ ар хэхъуащ процент 99,7-кIэ. Абыхэм ящыщу налог ахъшэу республикэ бюджетым къыхэхъуар сом меларди 2-рэ мелуан 714,9-рэ мэхъу, нэгъуэщI хэхъуэхэр илъэсым и япэ мазищым сом мелуани 131-м щIигъуащ. Республикэм зымыгъэзэж и хэхъуэр сом меларди 2-рэ мелуан 860,3-рэ мэхъу. 2016 гъэм и япэ мазищым республикэм сом меларди 6-рэ мелуан 398,6-рэ къигъэсэбэпащ (процент 23,7-кIэ ягъэзэщIащ). Абы щыщу цIыхухэм я улахуэр етыным сом зы мелардрэ мелуан 241-рэ хухахащ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм - сом мелуан 872-рэ, псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ - сом мелуан 82-рэ, стипендиехэр тыным - сом мелуан 17,3-рэ, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм - сом мелуан 793-рэ. Лыхь Заур зэрыжиIамкIэ, республикэм и хэщIыр нэхъыбэу зыхуэзэр егъэджэныгъэ Iуэхурщ. Абы текIуэдащ сом меларди 2-рэ мелуани 188,4-рэ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм сом мелардрэ мелуан 618-рэ хухахащ, социальнэ политикэм - сом зы мелардрэ мелуани 172-рэ.

Депутатхэр щIэупщIащ уэм зэрыпэщIэтыну Iуэхугъуэхэм трагъэкIуэдэну ягъэбелджыла ахъшэм щыщу илъэсым и япэ мазищым къагъэсэбэпар зыхуэдизым. КъБР-м финансхэмкIэ и министрым жиIащ а Iуэхум сом мелуани 10 зэрытекIуэдэнур, пшэр зэкIэщIэзыху IэмэпсымэхэмкIэ, сом мелуани 3 я уасэу, къызэрашэнур.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщэну зэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым щэнейрэ и депутату хаха Къудалы Мухьэмэд. Илъэс 12 хъуауэ абы и къалэныр щытхъу пылъу егъэзащIэ, республикэм и цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн хабзэхэр къэщтэным и жэрдэм хелъхьэ, цIыхубэр нэхъыбэу зыгъэпIейтейр зригъэщIэн мурадкIэ щIэх-щIэхыурэ абыхэм яхуозэ.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм хэтахэм фIыщIэ яхуищIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ хабзэхэр къызэращтам щхьэкIэ икIи къыхигъэщащ гъатхэ сессиер зэхуэзыщIыжыну зэIущIэр КъБР-м и Парламентым мэкъуауэгъуэм и 28-м зэрыригъэкIуэкIынур.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

АБЫ законопроект зыбжанэм щыхэплъащ, языныкъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. «КъБР-м и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и проектыр етIуанэ еджэгъуэу депутатхэм зэдэарэзыуэ къащтащ. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт. Министрым жиIащ республикэм и цIыхухэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэр. Ахэр зытеухуар зи ныбжьыр хэкIуэтахэм, адэ-анэм, егъэджакIуэхэм защIэгъэкъуэнырщ. «Иджыблагъэ екIуэкIа зэIущIэм зэрыщыжысIащи, къуажэхэм щыпсэу икIи щылажьэ егъэджакIуэхэм псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ дэтхэнэми хуэзэу республикэм хухихынущ сом 1200-рэ. Фэтэр куэду зэхэт унэм зи ныбжьыр илъэс 70-80 ирикъуауэ зи закъуэу щыпсэухэм дазэрыдэIэпыкъунур щIэуэ дгъэбелджылащ. Псалъэм папщIэ, унэр зыхуей хуэгъэзэным тригъэкIуэда мылъкур мазэ къэс тегуэшауэ кърatыжынущ илъэс 80-м нэса, зи закъуэу псэу цIыхум. Илъэс 70 зи ныбжьу унагъуэм хэсхэм а ахъшэм и ныкъуэр (процент 50-р) къыхухалъхьэжынущ, - жиIащ Тюбеевым.

«Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр зэрыхуагъэфащэ щIыкIэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Хабзэм къыщытеувыIэм, министрым къыхигъэщащ дяпэкIэ а цIэр зратыну хуитыр дамыгъэ лъапIэхэр зиIэ, зы IэнатIэм илъэс 15 мынэхъ мащIэу щылэжьа цIыхур зэрыарар.

КъБР-м и Парламентым и депутат Къарэмырзэ Бэрасбий щIэупщIащ псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ егъэджакIуэхэм зэрызыщIагъэкъуэну ахъшэр зыхурикъум. Тюбеев Альберт жиIащ IэщIагъэлIхэм я унэр зыхуэдизымрэ абы щIэсхэм я бжыгъэмрэ елъытауэ егъэджакIуэхэм ахъшэ зэрыратыжыр. Республикэр доIэпыкъу цIыху мини 7-м щIигъум. Абыхэм ящыщу процент 65-м къаIэрыхьэжыр зы сом мин нэхърэ нэхъ мащIэщ. ЩыIэщ сом 1200-м къыщыщIэдзауэ сом мин 17-м нэс зратыж. «Абы къыхэкIыу, дэ тфIэкъабылщ псоми зэхуэдэу сом 1200-кIэ дадэIэпыкъуныр. Къапщтэмэ, мы зэманым а бжыгъэм хуэдизи къызыIэрымыхьэхэр щыIэщ. ДызэреплъымкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэхэгъэж къыхэкIынукъым икIи республикэм и мылъкур нэхъ зэригъэзэхуэнущ», - къыхигъэщащ министрым.

«2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№496-П-П*

# УФ-м и Президентым диIыгъащ

## Урысейм нэхъ мащIэ дыдэу щат лэжьапщIэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ хэгъэхъуэныр

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м къащта Федеральнэ закон №161-ФЗ-мкIэ сом 7500-м нэсу нэхъыбэ ящIащ къэралым щат лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэр. УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и кодексым и 130-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуащ нэхъ мащIэ дыдэу ят лэжьапщIэр лэжьыгъэм къыпэкIуэ пщIэмкIэ къэралым игъэув шэсыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр.

Нэхъ мащIэ дыдэу ят лэжьапщIэмкIэ ягъэува бжыгъэм нэхърэ нэхъ мащIэ зыми ират хъунукъым лэжьэгъуэ зэманымкIэ мазэм и мардэр зыгъэзэщIа икIи зи лэжьыгъэ Iыхьэ къезыхьэлIа цIыхухэм ящыщу.

Иджыпсту кIэ нэхъ мащIэ дыдэу ят лэжьапщIэр зэрыхъур сом 6204-рэщ.

***КъБР-м и прокуратурэ***

# Гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ трагъащIэ

Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ Урысейм и федеральнэ IэнатIэм КъБР-мкIэ и управленэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Абы теухуа дэфтэрым Iэ щIадзащ УФСИН-м и унафэщI Мэржэхъу Мухьэмэдрэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ.

Ар теухуащ УФСИН-м и лэжьакIуэхэмрэ тутнакъэщым исхэмрэ гъэсэныгъэкIи щIэныгъэкIи заужьыным къахуэщхьэпэн Iуэхухэр зэдащIэным.

Мэржэхъу Мухьэмэд къыхигъэщащ УФСИН-мрэ ЩэнхабзэмкIэ министерствэмрэ илъэс куэд хъуауэ зэрызэдэлажьэр, ар къамыгъэтIэсхъэну зэрамурадыр.

**ЗЭБАР Мадинэ,**
*КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*



**ЕГЭ-2016**

# ЭкзаменхэрзэрекIуэкIым набдзэгубзаплъэу кIэлъоплъ

**Дызэрыщыгъуазэщи, ди республикэм и курыт школхэм мы зэманым щокIуэкI ар къэзыуххэм папщIэ къызэрагъэпэща экзаменхэр. Мэкъуауэгъуэм и 16-м ныбжьыщIэхэм ятащ хамэ къэралыбзэхэмрэ биологиемрэ.**

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР зэрекIуэкIым, дапщэщи хуэдэу, набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ**. Министерствэм и пресс-IэнатIэм и унафэщI Мыз Залинэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, мэкъуауэгъуэм и 16-м Емузыр щыIащ Тэрч районым хыхьэ жылэхэм щылажьэ ППЭ зыбжанэм. Экзаменхэр щекIуэкI пунктхэм абы щIыгъуу щыIащ Тэрч районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Бэлэтокъуэ Владимир**, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ IэнатIэм и унафэщI **Варий Маринэ** сымэ.

Экзаменхэм щIидзэн ипэ къихуэу министрым къиплъыхьащ ахэр щекIуэкIыну пэшхэр, апхуэдэу ар яхуэзащ ныбжьыщIэхэм икIи я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ зригъэщIащ. Экзаменхэм пэлъэщыну, гъащIэм хуаIэ мурад дахэ псори къайхъулIэну ехъуэхъуащ абыхэм Емузыр.

АдэкIэ министрым зригъэщIащ лицей №1-м къепхауэ лажьэ гъэсапIэм и Iуэху зыIутхэр. Варий Маринэ ар щыгъуазэ хуищIащ сабий садым и лэжьэкIэмрэ абы иIэ Iэмалхэмрэ. Варийм зэрыжиIамкIэ, IуэхущIапIэм мы зэманым щолажьэ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ гупи 6. Мазэм и кIуэцIкIэ абы екIуэлIэнущ сабии 170-м нэс. Абыхэм драгъэкIуэкIынущ фито-, витаминотерапиехэр, ваннэ зэмылIэужьыгъуэхэм хагъэхьэнущ.

Бэлэтокъуэ Владимир министрым иригъэлъэгъуащ Тэрч къалэ щаухуа спорт центр иныр, Лермонтовым и фэеплъу иджыблагъэ къызэIуахар, нэгъуэщI спорт-щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэми хутепсэлъыхьащ.

А Iуэхугъуэхэм къакIэлъыкIуэу Емуз Нинэ кIуащ Тэрч къалэ дэт школ-интернат №8-м. Министрым зэрыжиIамкIэ, интернатым щыщыIэ Iэмалхэр иджырей мардэхэм хуэкIуэу адэкIи егъэфIэкIуэн хуейщ.

Къапщтэмэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ арэзы техъуащ щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм. «Зэманым дыдэбакъуэу, ди ехъулIэныгъэхэм адэкIи хэдгъахъуэу етхьэкIын хуейщ дэтхэнэми ди къалэнхэр, - къыхигъэщащ абы. - ГъащIэм къытхуигъэув Iуэхугъуэхэр къызыхуэтыншэу зэрызэфIэтхынми дыхущIэкъупхъэщ».

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

**ЩIэ**

# КъБКъУ-м и студентхэм IэмалыщIэхэр къыхузэIуах

**КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, художник-модельер Стариковэ Еленэ илъэскIэ зыщыбгъасэ хъуну курс университетым ДизайнымкIэ и институтым къыщызэIуех.**



МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 15-м ДизайнымкIэ институтым щагъэлъэгъуащ студентхэм IэщIагъэ егъэгъуэтынымкIэ сэбэп хъу программэ гуэдзэн. Илъэсым къриубыдэу абыхэм иджырей модэм кIэлъыплъу, фIыуэ хащIыкIыу, трендым къеджэфу зрагъэсэну Iэмал яIэнущ. КъыжыIапхъэщ курсым щIэтIысхьэну гукъыдэж зыщI дэтхэнэри зэпеуэм кIуэцIрыкIын зэрыхуейри.

КъБКъУ-м щIыгъуу ирахьэжьа Iуэхур жыжьэ зэрыкIуэтэнур, къыдэкIуэтей щIэблэр дизайнер IэщIагъэм хуегъэсэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр жиIащ Стариковэ Еленэ.

Дизайнер цIэрыIуэм презентацэ нэужьым мастер-класс игъэлъэгъуащ щэкIхэм узэрырилэжьэнум, ахэр къызэрыхэпхынум, зэрызэхэбгъэкIынум, нэгъуэщI Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн куэдкIи.

Курс нэужьым студентхэм хуитыныгъэ яIэнущ щIалэгъуалэ щыгъын ядыну, work-shop IэмалымкIэ лэжьэну.

**ГЪУКIАКЪУЭ Аллэ.**

# Журналистхэм ятеухуа щIэнгъуазэ

**ТхылъыщIэ**

**«Энциклопедия Кабардино-Балкарской журналистики XX-XXI вв.» тхылъ къыдэкIащ. Ар зи жэрдэмри тхылъым и редактор нэхъыщхьэри Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэзыхьэ Борисщ.**





ТХЫЛЪЫМ хуитха пэублэм Борис къыщыхегъэщ Къэбэрдей-Балкъэрым и журналистикэр сыт хуэдэ зэманми зыужьыныгъэм зэрытелэжьар, уеблэмэ, журналистхэм я фIыщIэ хэлъу къелъытэ республикэм япэми иджыри иIэ ехъулIэныгъэхэм. Мэзыхьэм иригъэлейуэ къыщIэкIынукъым «псалъэм» и мыхьэнэр къэплъытэмэ: цIыхур зэгурыIуэным, мамырыгъэр зэдахъумэным, лэжьакIуэм пщIэ хуащIыным къыхуеджэныр, жылагъуэр зыгъэпIейтей Iуэхухэм зэщIэгъаплъэ хэмылъу тетхыхьыныр къалэнышхуэщ. Борис жеIэ ди журналистхэр абыкIэ щапхъэу.

Журналист 315-м я сурэтхэр, абыхэм ятеухуа тхыгъэ кIэщIхэр итщ тхылъым. Абыхэм ящыщ куэдыр журналист къудейкъым, атIэ щIэныгъэлI, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэщ.

Тхылъым итщ республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ я цIэхэр, абыхэм я редактор нэхъыщхьэу щытахэм, иджырейхэм я унэцIэхэр, радиомрэ телевиденэмкIэ комитетым, телеканалхэм я пашэу зэман-зэманкIэ лэжьахэм я унэцIэхэр.

Хэку зауэшхуэм щыIа, абы хэкIуэда журналистхэм я гугъу щищIкIэ, Мэзыхьэм къыхегъэщ газетхэмрэ радиомрэ щылэжьа цIыху 27-м къызэрамыгъэзэжар. Абы къищынэмыщIауэ, Борис гу лъыдегъатэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ я журналист зыбжанэ щIэнгъуазэм зэрыхэхуам - ахэр адыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм я редакцэхэр зэдэгъэлэжьэным, зы пIалъэ гуэрым тету номер зэгуэтхэр ягъэхьэзырыным зи гуащIэ хэзылъхьахэмрэ ноби а Iуэхум пызыщэхэмрэщ.

Журналистикэр IэщIагъэ зыхуэхъунухэм щIэнгъуазэр зэращхьэпэнум шэч хэлъкъым.

**ШИРДИЙ Маринэ.**

**Гу зылъытапхъэ**

# Олимп махуэр ХьэтIохъущокъуэм и хадэми щокIуэкI

**Спорт махуэшхуэр къызэригъэпэщащ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм. Мы Iуэхум хэтынухэр, судьяхэр, медицинэм и лэжьакIуэхэр мэкъуауэгъуэм и 18-м сыхьэти 9-м щызэхуос «Шей ефапIэ» унэ цIыкIум деж.**

КЪЫЗЭДЭЖЭХЭМ яхэтынущ къалэм и командэ зэмылIэужьыгъуэхэр, Налшык и курыт школхэм щIэсхэр, сабий-ныбжьыщIэ спорт школхэм я гъэсэнхэр, зи Iэпкълъэпкъым ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ сабийхэр. Апхуэдэу абыхэм яхыхьэ хъунущ къалэдэсхэм, ди хьэщIэхэм ящыщу гукъыдэж зыщI псори.

Къызэхуэсхэр а махуэм олимп мардэхэм тету гуэшауэ гупищу (метр 402-кIэ, метр 804,5-кIэ, метр 1609-кIэ) къызэдэжэнущ.

Зэпеуэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

**УМАР СулътIан.**

**Бжыгъэхэр**

# Ди нэхъыжьхэр

**УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди щIыналъэм исщ зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуауэ е абы щхьэдэхауэ цIыху 1610-рэ.**

МЫ НЭХЪЫЖЬХЭМ я нэхъыбэр (цIыху 568-рэ) Налшык щопсэу. ЕтIуанэ увыпIэм Прохладнэ (442-рэ), ещанэм - Бахъсэн (131-рэ) щIыналъэхэр щытщ. IуащхьэмахуэрэШэрэджрэ я бгылъэ щIыпIэхэм зэхэту щопсэу 121-рэ.

Илъэс 80 ныбжьым итхэр мин 18 мэхъу. Гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдиз нэхъыжь Iумахуэ дызэриIэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Нобэ

♦**ЩIыр игъущыкIынымрэ уэгъумрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэлъапIэ 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ.

♦**Исландие Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**

♦**Румынием и лъэпкъ авиацэм и махуэщ**

♦**1565 гъэм** Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамсырыкъуэ Москва кIуащ.

♦**1885 гъэм** Нью-Йорк кхъухькIэ нэсащ США-р зэрыгушхуэ фэеплъ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ, а къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм хабжэ Хуитыныгъэм и статуер. Ар америкэ революцэр илъэсищэ щрикъум франджыхэм а къэралым тыгъэ хуащIауэ щытащ.

♦**1940 гъэм** Горьковскэ областым хыхьэ Мещеры къуажэм «дыжьын уэшх» къыщешхат. XVI-XVII лIэщIыгъуэхэм зекIуа дыжьын ахъшэ жыгъей миным нэблагъэ уэшхым кърилъэсэхат.

♦**1940 гъэм** советыдзэхэр Латвиемрэ Эстониемрэ ирашащ.

♦**1941 гъэм** Германием IэщэкIэ зэщIэузэда и дзэхэм я унафэщI нэхъыщхьэм унафэ ищIащ мэкъуауэгъуэм и 22-м и пщэдджыжьым «Барбаросса» планыр гъэзэщIэным яужь ихьэну.

♦**1955 гъэм** япэу уэгум ихьащ цIыхухэр къызэрырашэкI Ту-104 кхъухьлъатэ лъэщыр.

♦**1961 гъэм** Налшык экраныбгъуэ зиIэ «Восток» кинотеатрыр къыщызэIуахащ.

♦Совет усакIуэ, драматург, Ленинымрэ щIыхькIэ ягъэуваУэ щыта саугъэтыр зрата **Светлов Михаил** (и унэцIэ дыдэр Шейнкманщ) къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист. «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щыта **КIэш Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Захаровэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**IуэхукIэ умыгъэунэхуар пщIыхуу жумыIэ.**

**«Калининград областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Калининград областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м*
*№464-П-П*

**Калининград областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м***

Калининград областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэу 2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Калининград къалэм Iэ зыщыщIадзар къэщтэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ**
**КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм накъыгъэм и 18-м*
*№26-РЗ*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Москва и Правительствэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:
1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Москва и Правительствэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м*
*№466-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Москва и Правительствэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м***

**1 статья**
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Москва и Правительствэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэн.
**2 статья**
1. ГъэзэщIэныр къызэтегъэувыIэн:
1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Москварэ я экономикэхэм я интеграцэм теухуауэ Москварэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ 1998 гъэм фокIадэм и 8-м зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэр;
2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Москварэ я экономикэхэм я интеграцэм теухуауэ Москварэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ 1998 гъэм фокIадэм и 8-м зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэм ДыщIагъужар икIи 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м Iэ зыщIадзар.
2. Къару ямыIэжу къэлъытэн:
1) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Москварэ я экономикэхэм я интеграцэм и IуэхукIэ» Москварэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэр ратификацэ щIыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм» 1999 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №49- РЗ-м;
2) «Москварэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я экономикэхэм я интеграцэм и IуэхукIэ Москварэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэращIылIа Зэгурыгъэныгъэм 1998 гъэм фокIадэм и 8-м ДыщIагъужар ратификацэ щIыным теухуауэ» 2000 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №28-РЗ-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ**
**КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм накъыгъэм и 18-м*
*№25-РЗ.*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ я сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, социальнэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:
1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ я сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, социальнэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м*
*№468-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ я сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, социальнэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м***

**1 статья**
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ я сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, социальнэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуа ЗэгурыIуэныгъэр, 2015 гъэм мазаем и 28-м Налшык къалэм Iэ зыщыщIадзар, къэщтэн.
**2 статья**
1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ я зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ теухуа зэгурыIуэныгъэу 1998 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м зэращIылIар гъэзэщIэныр къызэтегъэувыIэн.
2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэммрэ Тэтэрстан Республикэмрэ я зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ теухуа зэгурыIуэныгъэр ратификацэ щIыным и IуэхукIэ» 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №44-РЗ-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ**
**КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм накъыгъэм и 18-м*
*№27-РЗ*

● Жыыщхьэ махуэ





Бетыгъуэн Назир ягъэлъапIэ.

# Зи ныбжьыр илъэсищэ ирикъуа Бетыгъуэн Назир

**Балъкъ и псыхъуащхьэхэм къыщыунэху къущхьэхъу хъупIэхэм я куэбжэIух жылэу къалъытэ Къармэхьэблэ къуажэм и Iэхэлъахэм а махуэм тыншу гуп цIыкIур дынэсащ.**

ТIУАЩIЭ абрагъуэм зыщыIуигъэузэщIыкIым зыщызыуфэбгъуа къуажэжьыр абдежым щызэхэлъэдэж пситIым, Балъкъырэ Чыщбалъкърэ, хьэблэ зыбжанэу зэхагуэшыкI. Абыхэм ящыщ зыр, Хьэгъундыкъуейр, Бетыгъуэнхэ я хэщIапIэщ.

Хуэегъэзыхыгъуэ-дэгъэзеигъуэу къуэладжэм адрыщIкIи мыдрыщIкIи щызэкIэлъыкIуэ щIапIэхэм даблэзыш гъуэгу нашэкъашэм «дытегъуэщыхь нэхърэ» жытIэри, дыкъыщIежьа, зи ныбжьыр илъэсищэ ирикъуа Бетыгъуэн Назир здыщыпсэумкIэ дызыхуэзэ цIыхухэм деупщIын щIэддзащ. Абыхэм я пэгъуэкIыр ди гъуазэу, лъэмыж цIыкIу гуэрым дызэпрыжащ. Псыр здежэх лъэныкъуэмкIэ деплъыхри, куэбжэ зэIугъэузэщIыкIа гуэрым деж Iуву щызэхэт автомашинэхэм гу ялъытташ.

Макъ зэщIэужьыуэгъуэбэр къызыдэIукI пщIантIэм нысашэ джэгу щызэхаша фIэкIа пщIэнтэкъым, абы къыдэкI-дыхьэжхэм апхуэдиз нэжэгужагъэ зэрахьэрти. Куэбжэм гъунэгъуу дыщыбгъэдыхьэм, «къытпэплъа мыхэр?!» жыдагъэIэу, зым иужь адрейр иту цIыхуитI-щы къызэкIэлъыдэкIащ. Абыхэм пщIантIэм дыщыдашэм, зэуэ гу лъыттащ ижь лъэныкъуэмкIэ щыIэ гуэщ кIыхьым цIыху Iув зэрыщызэхэтми, абыхэм я кум щигъэувыкIа шэнтхэм зи ныбжь хэкIуэта лIыхэр зэрыщызэхэсми.

Микрофоным къиIукI макъамэмрэ псалъэмакъымкIэ дэ къыдгурыIуащ тхьэлъэIум иращIылIа зэIущIэм зэрыщIрагъаджэри, махуэр щхьэусыгъуэ зыхуэхъуам ехъуэхъуну хуей цIыхухэр утыкум зэрихьэхэри. Ахэр къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ Дунейпсо Арткомитетым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм и унафэщI **Бетыгъуэн Iэуес**.

ТхьэлъэIум кърихьэлIахэр Назир и гъащIэм щыщ напэкIуэцIхэм щыгъуазэ хуищIащ тхыдэдж, тхакIуэ **Бетыгъуэн Сэфарбий**.

ИужькIэ Дзэлыкъуэ район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Бей Iэуес** я IуэхущIапIэм къыбгъэдэкIыу нэхъыжьыфIым хуэгъэза хъуэхъу тхылъым къеджащ.

Абы кIэлъыкIуэу, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм и институтхэм зэужьынымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и япэ секретарь **Пащты Борис** Назир хъуэхъу псалъэ хужиIа иужькIэ, республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхылъымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъуам теухуа юбилей медалымрэ иритащ.

АдэкIэ партым и Дзэлыкъуэ район къудамэм и секретарь **ТишкIэ Iэдэм** нэхъыжьыфIым коммунистуноби зэрыщытым щыхьэт техъуэ тхылъ IэщIилъхьащ.

Къармэхьэблэ къуажэ администрацэм и унафэщI **КIуэкIуэ Ахьмэдрэ** ветеран зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мырзэкъан Сэлимрэ** я къэпсэлъэныгъэр теухуат Назир лэжьакIуэфIу зэрыщытам, ар щыпсэу жылэм ноби пщIэ къызэрыщыхуащIым.

Белгород къалэм кооперацэм, экономикэмрэ правэмкIэ дэт университетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Щоджэн Ахьмэд** тыгъэ папщIэу адыгэ пыIэ екIу къызыкъуихащ. Ар зылъэгъуа Бетыгъуэн Iэуес алъандэрэ шэнтым зэгъэтIылъэкIауэ тригъэлъа щIакIуэ хужьышхуэр къиIэтащ. А щIалитIым Назир яхуэпащ: зым пыIэр щхьэритIэгъащ, адрейм щIакIуэр ириубгъуэкIащ. Теплъэгъуэр къызэхуэсахэм апхуэдизкIэ ягу ирихьати, Iэгуауэшхуэ яIэтащ.

ТIэкIу нэхъ гуваэ пщIантIэм дыхьахэми псалъэ къытлъагъэсащ.

- Сэ Къэрэшей-Шэрджэсым сыкъыщыхъуащ, илъэс куэдкIи сыщылэжьащ, Къэбэрдейм нобэ сыщыпсэуми, - къыхигъэщащ гупым ди нэхъыжь, щIэныгъэлI, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ **БакIуу Хъанджэрий**. - Инжыдж ЦIыкIу и Iуфэ Iус Алий-Бэрдыкъуэ къуажэм Бетыгъуэнхэ куэду дэсщ. Хьэлэмэтыракъэ, абы ноби ХьэгъундыкъуейкIэ йоджэ, фи хьэблэм хуэдабзэу. Назир, илъэсищэ къэбгъэщIами, Тхьэм къыпхупищэ! Уэ пхуэдэхэр дызэриIэм дрогушхуэ! ЛIакъуэ дахэ, лъэпкъ узыншэ укъыхэкIащ. Уи бынхэм я быныжхэм я хъер куэдрэ иджыри Тхьэм уигъэлъагъу!





Жыыщхьэ махуэ хъуа лIыжьым псалъэ гуапэ хужаIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетэм и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Ацкъан Руслан**, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фIыщIэ фондым и зэхэшакIуэ **ЩоджэнцIыкIу Леонид** сымэ, нэгъуэщIхэми.

- Си къуажэгъу лъапIэхэ! - захуигъэзащ тхьэлъэIум къекIуэлIахэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакIуэ, журналист **МахуэлI (Лыхь) Хъаджэт**. - Бетыгъуэнхэ я фIыгъэкIэ, нобэрей гуфIэгъуэм си къуажэгъу, си унэкъуэщ куэд щыслъэгъуащ. Лыхьхэрэ Бетыгъуэнхэрэ игъащIэми зэшым хуэдэу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ. Си Iыхьлы, си дэлъху Лыхь Абдулчэрим тхьэмадэм хужиIа псалъэхэм къахэзубыдыкIауэ, «вым и пIэкIэ бжьым щIэувэу, вэуэ слъэгъуащ!» жыхуиIар телъыджэ сщыхъуащ. Абы сыту лэжьыгъэшхуэIуэ къикIрэ, куэдыIуэ къигъэхъейрэ! Нобэ дызыгъэгуфIэр Назирщи, абы къигъэщIам хуэдиз къызэзынэкIыфын куэд адыгэ лъэпкъым Тхьэм къыдит!

ХьэщIэхэр Iэнэм ягъэтIысa иужькIэ, дэ, журналистхэм, Назир и бынхэмрэ и благъэхэмрэ захуэдгъэзащ.

### Iэминат

*Назир бгъэдэс ипхъу нэхъыщIэщ.*

- И ныбжь здынэсам, ноби ди адэм сыт хуэдэ упщIэкIэ зыхуэбгъазэми и пэгъуэкI къуитыжыфыну апхуэдэщ, - жиIащ Iэминат. - Зи гугъу пщIыр щекIуэкIа илъэсри, мазэри, махуэ нэгъунэ къыбжиIэжыфынущ. Хэт дапщэщ къыдэлэжьауэ щытами къыхуэгубзыгъыжынущ. Адэм сыкъызэрыбгъэдэтIысхьэжрэ мы гъэм илъэс 11 ирикъуащ. Абырэ ди анэмрэ илъэс 55-кIэ зэрызэдэпсэуар IэфIу сигу къахуинахэм ящыщщ. Ди анэр 1999 гъэм и дыгъэгъазэм дунейм ехыжащ. ЗэшыпхъуитIрэ зэкъуэшитIрэ дыхъурти, шыпхъумрэ сэрэщ псэууэ къэнар. Риммэ нэхъыжьщ.

Сэ илъэс 39-кIэ Налшык сыщылэжьащ. Инэхъыбэм егъэджакIуэу. Къэзгъэзэжащ, ди анэмрэ си дэлъхумрэ дунейм ехыжа иужь. Сигу ирихьу, къуажэдэсхэм ядэслъэгъуа гуапагъэхэм ящыщщ мыри. Мыбдежым тпэмыжыжьэу кхъэуэ тIу щытщ. Абы щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм щызэрихьэлIэ лIыжьхэр ди деж къыдэмыхьауэ, ди адэм къыщIэмыупщIауэ, и узыншагъэр зытетыр зрамыгъэщIауэ зэбгрыкIыжынухэкъым.

Iэминат зэрыжиIэжымкIэ, Назир НКВД-ми щылэжьащ. КъаутIыпщыжын я щхьэ къимыхьэу, 1943 гъэм и адэм и псалъэкIэ къыхагъэкIыжауэ щытащ, «сыхуейкъым цIыхугъэкIуэду къыфхэтыну» яжриIэри.

- Мы тхьэлъэIум къызэрыщыхагъэщауэ, ди адэм зыгуэрым и жагъуэ ищIауэ, лей ирихауэ игъащIэм зэхэсхакъым, - къыпещэ адэкIэ и псалъэм Iэминат. - СогъэщIагъуэ абы цIыхуу къыхуэкIуэм и куэдагъри. Я адэхэм я псэукIар зи нэгу къыщIэзыгъэхьэжыну хуейхэри къыдохьэ, «абыхэм ятеухуауэ Назир зыгуэр къытхуимыIуэтэжыфыну пIэрэ?» жаIэри. ЕгъэджакIуэхэр, еджакIуэ цIыкIухэр къызэрыкIуэри си гуапэ мэхъу. Ахэр Къэбэрдейм и тхыдэм щыщ напэкIуэцI зыхамыщIыкIхэм щIоупщIэ, къолъэIу «кхъыIэ, мыбы дытетхыхьын хуейщи, къыддэIэпыкъу!» жаIэри. Дызыдэс хьэблэм къыщыщIэдзауэ сабийуэ фызыхуэзэм феупщIи, а псоми къыбжаIэфынущ ди адэр фIыуэ зэралъагъур. Езыми щIэблэщIэ цIыкIухэр и щIасэщ.

### Лыхь Абдулчэрим

*Назир благъагъэкIэ къыбгъэдохьэ. Ар Къармэхьэблэ курыт еджапIэм илъэс 25-кIэ завхозу Iутащ.*

- Назир гуфIэгъуэ зиIэми нэщхъеягъуэ зиIэми ядэIэпыкъуу къекIуэкIащ. Абы хуэдэу хьэлэлу лэжьа бригадир срихьэлIакъым, сэ Iэджи слъэгъуащи. Зэманыр гугъут, унафэщIхэри ткIийт, псалъэ пхъашэ къащыжьэдэкIи къэхъурт. Назир апхуэдакъым. ГущIэгъу хэлъу зэрыщытар и гуапэу езыми игу къегъэкIыж. Сыт щыгъуи диущийуэ, «мыпхуэдэу фыщытмэ, цIыхухэм фахэзэгъэнущ» къыджиIэу, зэпымыууэ дяужь итащ. Дэри абы и чэнджэщхэр зэрызыхэтпщэным дыхущIэкъуащ, - жиIащ Абдулчэрим.

### Риммэ

*Назир ипхъу нэхъыжьщ, Хьэмызхэ я нысэщ.*

- Адэм хуэтIэта тхьэлъэIур къуажэми жылэми тхуэфIын Тхьэм ищI! Дунейм ущытеткIэ, Iеи плъагъунщ - и къуитIыр, и щхьэгъусэр, и малъхъэр щIилъхьэжащ - ауэ и къарури, и узыншагъэри, и акъылри пэлъэщу, къыхуэна и бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ къепщIэкIауэ ипIащ, иригъэджащ, иригъэшащ. ГъащIэр фIыуэ елъагъу. Иджыри къыздэсым лэжьыгъэм гукъыдэж хуиIэщи, «цIыхухэм сахыхьарэт, зыгуэр сщIарэт!» жеIэ.

### Бетыгъуэн Хьэсэнбий

*Назир и шынэхъыжь Нэхьмэн и къуэщ.*

- Ар, сэ нэхърэ илъэс 30-кIэ нэхъыжьщи, щыпсалъэкIэ соукIытэ. «КъыджиIэжхэм щыщ гуэрхэр сщыгъупщэжу пIэрэ?» жызоIэри, сигу зызогъэбгъэж. И цIыху щIыкIэм укIэлъыплъыжмэ, «лIыжьщ» хужумыIэну апхуэдэщ. «Насып» жыхуаIэр нэгъуэщI щIыпIэ щыщыIэу аракъым. Насыпкъэ мы тхьэлъэIур, фыкъызэрыкIуар?! Назир хуэдэ зырыз унагъуэ къэс исатэмэ, жылагъуэр, фIылъагъуныгъэр щебэкIыу, нэхъ зэпIэзэрыту дыкъекIуэкIынут. Си адэ къуэшым срогушхуэ. Зы махуэ тетIысхьэпIэм дытесу, метр щитI хуэдизкIэ иджыри тпэжыжьэу уэрамым цIыхуищ кърикIуэрти, «мо ижьымкIэ щытыр къысхуэцIыхужыркъым» жиIэри Назир зыкъысхуигъэзащ. ЗгъэщIэгъуащ: «илъэсищэ хъуа лIыжьым гупым щыщу а зыращ хузэхэмыгъэкIар! Гугъуехь минрэ хьэзабищэрэ пшэча иужькIэ, апхуэдэ акъыл бзыгъэрэ нэ жанрэ уиIэныр насыпкъэ?! жиIэри къыддэгуэшащ Хьэсэнбий.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● ФщIэн папщIэ

# И Iыхьэ щанэр япшынащ

**КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м къызэритымкIэ, гъуэгум щекIуэкIыр зытх Iэмэпсымэхэм 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-19-хэм къриубыдэу хабзэр 17294 -рэ къызэпаудауэ къагъэлъэгъуащ. Хабзэм ебэкъуахэм псори зэхэту тралъхьа къуэдыр сом мелуани 11-рэ мин 698-м щIегъу. Абы щыщу сом мелуани 3-рэ мин 539-рэ япшынащ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

2016 гъэм щIышылэм и 15-м къару зыгъуэта Федеральнэ закон №340-ФЗ-м къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, суд пристав-гъэзэщIакIуэхэм административнэ къуэдыхэр зымытхэм я хуитыныгъэ щхьэхуэхэр пIалъэкIэ къызэтрагъэувыIэфынущ. Зи щIыхуэр сом мини 10-м щхьэдэхар пIалъэкIэ хуит ящIынукъым сыт хуэдэ автотранспорт лIэужьыгъуэри зригъэкIуэну.

2016 гъэм щIышылэм и 1-м къару зыгъуэта Федеральнэ закон №437-ФЗ-м къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэм ебэкъуахэм тралъхьа къуэдыр административнэ жэуапым зэрырашалIэмкIэ унафэр къыщащта махуэм щыщIэдзауэ махуэ 20-м къриубыдэу япшынмэ, тралъхьам и ныкъуэмкIэ зэфIэкIыну Iэмал къарет. Ауэ абы псори хиубыдэркъым. УФ-м и КоАП-м и 12.9.6, 12.9.7, 12.15.5 статьяхэмкIэ къуэды зытралъхьахэм зэрыщыту ирагъэпшынынущ.

Къуэдыр птелърэ-птемылърэ къыщыпщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru, мы телефонхэмкIэ 8 (8662) 495-551, 495-586,495-565.

**УАРДЭ Женя.**




Спорт хъыбархэр

# ЖАНШЭРХЪ




НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар Жыласэ Замирщ

## Махуэр Польшэм кIуэну пIэрэ?

● БэнэкIэ хуит

**Иджыблагъэ Грознэ къалэм щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысей Федерацэм и чемпионат. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ Махуэ Билал. Дагъыстэным и командэ къыхэхам дэщIыгъуу ди спортсменым зыкъыщигъэлъэгъуэн хуеят бэнэкIэ хуитымкIи къэралым и чемпионат екIуэкIам, арщхьэкIэ судьяхэм я лэжьэкIэм арэзы къимыщIауэ зэхьэзэхуэм къыхэкIыжащ.**



ШЭШЭНЫМ щыIа къэралпсо чемпионатым жэз медалыр къыщихьащ Махуэ Билал. Финал ныкъуэ зэIущIэм Кемеровэ областым щыщ Щур Виталий къыхигъэщIа ди лъэпкъэгъур финал цIыкIум 8:4-уэ щефIэкIащ Мордовием къикIа Паршин Василий.

Чемпионат нэужьым журналистхэм яIущIа Махуэм жиIащ Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм ар хэтынрэ хэмытынрэ иджыри зэрызэхэмыкIар.

Апхуэдэу бэнакIуэм хъыбар яригъэщIащ Польшэм щекIуэкIыну бэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну зэримурадыр. «Иджыпсту псом я щхьэр Олимпиадэм хуэфащэу хьэзыру сыщытынырщ. Абы иджыри зы зэхьэзэхуэ гуэр сэбэп хуэхъунумэ, сыкIуэнущ. Олимп Джэгухэм сыхэтын щхьэкIэ екIуэкIыну бэнэныгъэхэм си дежкIэ дяпэкIэщ щыщIидзэр», - жиIащ Махуэ Билал.

Ди лъэпкъэгъум къыхигъэщащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ къэралпсо чемпионатым хэта и хьэрхуэрэгъухэм зыгъэхьэзырыкIэ нэгъэса яIэу зэхьэзэхуэм къызэрыкIуар.

КъищынэмыщIауэ, Грознэ щыIа чемпионатым жэз медалхэр къыщахьащ ди лъахэгъухэу килограмм 97-рэ зи хьэлъагъ Магомедов Къантемыр, Локьяев Жамболэт (кг 59-рэ), Хьэкъул Азэмэт (кг 80), Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ (кг 85-рэ) сымэ.

● Кикбоксинг

## Къыпэлъэщын яхэтакъым

**Ульяновск къалэм щекIуэкIащ кикбоксингым и фулл-контакт лIэужьыгъуэмкIэ Урысейм и зэхьэзэхуэрэ чемпионатрэ. Абы ирихьэлIащ ди къэралым и щIыналъэ псоми икIа спортсмен 900-м щIигъу.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ КикбоксингымкIэ и федерацэм и гъэсэнхэм зэфIэкI хъарзынэхэр къагъэлъэгъуащ. Килограмм 57-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я зэпэщIэтыныгъэм чемпион щыхъуащ Борсэ Астемыр. Ар ягъасэ ДыщэкI Аслъэнбэчрэ Сихъу Къазбэчрэ. Килограмм 86-м щыщхэм я деж ещанэ увыпIэр щиубыдащ Бахъсэн Рэмэзан. Тренерыр Къудей Алимщ.

Зи цIэ къитIуа спортсменитIми спортымкIэ мастерым и мардэрхэр ягъэзэщIащ. Борсэ Астемыр Iэмал къыхукъуэкIащ жэпуэгъуэм Тыркум щекIуэкIыну Европэм и чемпионатым Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зыкъыщигъэлъэгъуэну.

ЩIалэщIэхэм ящыщу къэралым пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэм жэз медалыр къыщылъысащ БецIыкIу Хьэзрэт и гъэсэн, килограмм 42-рэ зи хьэлъагъ Шэджэм Ахьмэд.


Борсэ Астемыр

● Шахматхэр

## Быф Анатолэ ядоIэпыкъу

**Иджыблагъэ иухащ шахматхэмкIэ сабий унэхэмрэ интернатхэмрэ я урысейпсо зэхьэзэхуэр. Ар иригъэкIуэкIащ къэралым ШахматхэмкIэ и федерацэм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къабгъэдэкIыу Сочэ къалэм щекIуэкIа кIэух зэхьэзэхуэхэм кIуащ щIыналъэхэм щынэхъыфIа командэхэр.**

АР БАБУГЕНТ къуажэм дэт кадет школым и гъэсэнхэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Сабий унэм щапI цIыкIухэмрэщ. КомандитIыр урысейпсо зэхьэзэхуэм кIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолэ.

Сочэ къалэ дэт «Жемчужина» гранд хьэщIэщым щызэхьэзэхуащ сабий командэ 22-рэ. Зэпеуэм, мардэхэм япкъ иткIэ, гуп къэс шахматисту плIы хэтт, зы хъыджэбз цIыкIу нэхъ мыхъуми ягъусэу.

Швейцар щIыкIэм тету махуэ къэс екIуэкIа зэIущIэхэм къищынэмыщIауэ, сабийхэр нэгузыужь программэхэми хэтащ. Махуэ къэмынэу ахэр яшащ я нэгу зыщрагъэужьын Iуэхущ IапIэхэм, джэгу гъэщIэгъуэнхэм хэтащ. А псом къыдэкIуэу, ныбжьыщIэ цIыкIухэр Красная Полянэм щыIащ, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я фэеплъу Дыгъэмыс къыщызэIуаха монументым еплъащ.

Социальнэ зыужьыныгъэмкIэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм тепсэлъыхьу Быф Анатолэ жиIащ: «Илъэс куэд щIауэ дэ хэлъхьэныгъэ худощI щхьэзакъуэ бэнэныгъэ, гуп спорт лIэужьыгъуэхэм къищынэмыщIауэ, акъылым зезыгъэужь спорт лIэужьыгъуэхэми, псом япэрауэ, шахматхэм. НыбжьыщIэхэм, псом хуэмыдэу, сабий зеиншэхэм, къагурыгъэIуэн хуейщ акъылыфIагъкIэ щIыналъэр нэхъыфIхэм зэрыпхухэшэнур. Си фIэщ мэхъу шахматхэмкIэ сытым дежи ирагъэкIуэкI зыгъэсэныгъэхэм я фIыгъэкIэ сабийхэм зыужьыныгъэ зэрагъуэтынур, республикэм и пщIэр абыхэм зэраIэтынур».



● Дзюдо

## Хьэбэчырым и ехъулIэныгъэ

**Анапэ къалэм и «Витязь» спорт комплексым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм дзюдомкIэ и чемпионат. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэ 62-м икIа спортсмен 375-рэ.**



УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоистхэри. Апхуэдэу зи хьэлъагъыр килограмм 81-м нэблагъэхэм я гупым щыбэна Хьэбэчыр Мурат финал зэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нэмысу хигъэщIащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ Семёнов Вячеслав икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Килограмми 100-м нэблагъэхэм я деж дыжьын медалыр къыщихьащ Занкишиев Къазбэч. ХьэпцIэ Артур, килограмми 100-м щIигъур, ещанэ хъуащ.

КъищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоистхэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Новочеркасск щекIуэкIа мастер-зэхьэзэхуэми. Спортым и мастер Недвигин Геннадий и фэеплъу ирагъэкIуэкIа «А» классымкIэ урысейпсо зэпеуэм хэтащ къэралым и хэгъуэгу 15-м щыщ спортсмени 170-рэ. Абы ди щIалэхэм медаль зэмылIэужьыгъуищ къыщахьащ.

Зи хьэлъагъыр килограмм 61-м нэблагъэхэм я зэпэщIэтыныгъэм дыжьын медалыр къыщихьащ Краснодар крайм и дзюдоист Пупыгин Владимир финал зэIущIэм къыхигъэщIа Джолабов Къайсын. Килограмм 81-рэ хъу Щоджэн Ислъамрэ килограмми 100-м нэблагъэ Къущхьэ Ибрэхьимрэ жэз медалхэр къалъысащ.

## Медаль зэмылIэужьыгъуих

● Каратэ

**Мэхъэчкъалэ щекIуэкIащ киокусинкай-каратэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэрэ чемпионатрэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхари.**

ДИ КАРАТИСТ ныбжьыщIэхэм мазитIым нэблагъэкIэ зыгъэсэныгъэ жыджэрхэр щрагъэкIуэкIащ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ псомкIи къызэгъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым каратэмкIэ секцэм и базэм. Тренер-егъэджакIуэхэу Унэжхэ Рустамрэ Артуррэ, Iэпщэ Анзор сымэ я нэIэ щIэту щIалэщIэхэм я физическэ зэфIэкIхэм хагъэхъуащ, техникэ-тактикэ гъэсэныгъэмрэ зэIущIэ зэрегъэкIуэкIыпхъэмрэ ирагъэфIэкIуащ.



Ди республикэм и спортсменхэм Дагъыстэным медаль зэмылIэужьыгъуих къыздрашащ. Зи ныбжьыр илъэс 12-13 хъухэм я гупым ещанэ щыхъуащ япэ зэIущIитIыр нокауткIэ къэзыхьа килограмм 35-рэ зи хьэлъагъ ХьэпэлъэщI Темболэтрэ апхуэдэ дыдэу япэ зэпэщIэтыныгъэм щытекIуа килограмм 60-м нэблагъэ зи хьэлъагъ Абазэ Къамболэтрэ. Алътуд Анзор къылъысар жэз медалырщ.

Зи ныбжьыр илъэс 14-15 хъухэм я зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр къищихьащ килограмм 60 хъу Настуев Ислъам. Жэзыр къылъысащ Шаваев Сулеймэн (кг 50-м нэблагъэ). Илъэс 16-17 ныбжьым ит хъыджэбз цIыкIухэм я зэпэщIэтыныгъэм дыжьын медалыр щызыIэригъэхьащ килограмм 55-рэ зи хьэлъагъ Ахьмэд Татьянэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжанык Iахэмрэ дипломхэр, медалхэр, саугъэтхэр иратащ.

● Зэзауэ зэхэт

## «Аллигатор»-м къыпэщIохуэ

**«PLAZZA» клубым иджыблагъэ щекIуэкIащ зэзауэ зэхэтхэмкIэ зэхьэзэхуэ. Ар къызэрагъэпэщащ «Аллигатор», «PLAZZA» спорт клубхэм.**

НАЛШЫК и «Аллигатор» клубым хэтхэм къапэщIэтащ Мэзкуу, Владикавказ, Ставрополь, Невинномысск къалэхэм, Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм къикIа спортсменхэр. Ди щIалэхэм ящыщ куэдым я дежкIэ иджырей зэIущIэхэр ММА-м хэту япэу ирагъэкIуэкIыу арат. Абы къыдэкIуэуи, къыхэгъэщыпхъэщ щIалэу щытми, Iэзагъышхуэ ябгъэдэлъу ахэр къызэрыщIэкIар.

Япэ дыдэ зэIущIэм зэманыр имыух щIыкIэ текIуэныгъэр къыщыпхьыныр фIыкъэ-тIэ? «Аллигатор»-хэм я хьэрхуэрэгъухэр я пIэм къpагъэкIакъым. Ди щIалэхэм ящыщу зы закъуэщ къыхагъэщIар. ЗэIущIэм и ещанэ раундым абы техническэ нокауткIэ къефIэкIащ Дагъыстэным къикIар. Адрейхэм фIы дыдэу зыкъагъэлъэгъуащ икIи дэтхэнэ зыми зэIущIэм хухаха зэманым и кIэм нэмысу и хьэрхуэрэгъухэр хигъэщIащ. Ахэр Къэрэшей Ахьмэд, Теувэжыкъуэ Аскэрбий, Урыс Замудин, КIуантIэ Алимбэч, ХьэкIашэ Къантемыр, Пащтыкъ Ислъам, Елбэн Данил сымэщ.

«Аллигатор»-хэм къищынэмыщIауэ, ди щIалэхэм ящыщу текIуэныгъэхэр къахьащ «Бастион» спорт клубым хэт Хуболов Русланрэ «Единство» спорт клубым и гъэсэн ГъукIэ Альбертрэ.

● Альпинизм

## Европэм и къурш нэхъ лъагэм

**Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIащ «Эльбрусиадэ-2016» зыфIаща Европэм и къурш нэхъ лъагэ дыдэм дэкIыным теухуа фестиваль. Ар къызэрагъэпэщащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ альпинизмэмкIэ я федерацэхэм, СпортымкIэ министерствэхэм, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм.**

УРЫСЕЙМ и махуэм хуэгъэпса зэхыхьэм кърихьэлIащ Совет Союзым хэта къэралыгъуэхэм къикIа альпинистхэри. Iуащхьэмахуэ гупышхуэу дэкIыныр - ар тхыдэм и зы Iыхьэщ. Инструкторхэмрэ тренерхэмрэ я нэIэ щIэту бгым япэ дэкIхэр лъагапIэм нэсым и мызакъуэу, нэхъыжьхэм ябгъэдэлъ Iэзагъыр зэхалъхьэн хуейщ. «Эльбрусиадэ-2016»-р альпинизмэм и хабзэхэр къэIэтыжыным хуэунэтIа япэ лъэбакъуэу къэплъытэ хъунущ.

Iуащхьэмахуэ дэкIыну гукъыдэж зиIэхэм инструктор-профессионалхэр ядэIэпыкъуащ. Япэ дыдэу бгым кIэрыхьэну мурад зыщIахэм папщIэ Урысейм альпинизмэмкIэ и федерацэм тхьэмахуэ ипэкIэ къызэригъэпэща еджапIэм щагъэхьэзыращ.

● Бокс

## Тен Артур япэ йощ

**СССР-м спортымкIэ и мастер, Урысей Федерацэмрэ Абхъаз Республикэмрэ щIыхь зиIэ я тренер Чирикбэ Роман и фэеплъу Гагры къалэм щекIуэкIащ боксымкIэ етIуанэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.**

ЗЭIУЩIЭХЭР щызэхэта «Энергетик» пансионатым къыщызэхуэсат боксёр ныбжьыщIи 100-м щIигъу. Абыхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэри.

Зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ тренерхэу Соблыр Азэмэтрэ Мельянов Борисрэ я гъэсэнхэм. Зи хьэлъагъыр килограмм 56-м нэблагъэхэм я гупым къыщыпэлъэщын къыхэкIакъым Тен Артур - абы дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. КъищынэмыщIауэ, щызэуа хьэлъагъхэм дыжьын медалхэр къыщахьащ Аджырэ Маирбэчрэ Ольмезов Рэмэзанрэ.

## Мадрид къыщыхожанык I

**Испанием и къалащхьэ Мадрид иджыблагъэ щекIуэкIащ дзюдомкIэ Европэм и зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен цIэрыIуэ Джэданэ Алим.**

КИЛОГРАММ 73-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым щыбэна ди лъэпкъэгъум зэкIэлъхьэужьу хигъэщIащ 2014 гъэм Европэм и Кубокыр къэзыхьа Азербайджаным щыщ Агаев Самир, нэмыцэ дзюдоист Барвиг Роберт, Голландием къикIа Вестенд Ван Сэм. Финал зэIущIэм ар IущIащ Адыгейм щыщ ЩауэцIыкIу Рустам. Ди къуэш республикэм и спортсменыр а зэIущIэм щынэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ икIи Джэданэм къылъысар дыжьын медалырщ.

## ЦIыхубзхэм я япэ зэхьэзэхуэ

● Мас-рестлинг

**Мас-рестлингымкIэ цIыхубзхэм я япэ зэхьэзэхуэ мы махуэхэм щекIуэкIащ «Пантера» спорт клубым. АбыкIэ жэрдэмыр дaIыгъащ Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и управленэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мас-рестлингымкIэ и федерацэмрэ.**

МАС-РЕСТЛИНГЫР Кавказ Ищхъэрэм и дежкIэ спорт лIэужьыгъуэщIэщ. Якутием къыщежьэри, 2003 гъэм ар хагъэхьауэ щытащ урысейпсо реестрым. Мас-рестлингым и хабзэм къызэригъэувымкIэ, уи хьэрхуэрэгъум IэщIэлъ башыр къыIэщIэпчын хуейщ, пхъэбгъум пэщIэгъэкъуа уи лъакъуэр захуэу щыту. Нэхъыщхьэр уи ныкъуэкъуэгъум и башыр къытепхын е лъэныкъуэкIэ ебгъэщIэнырщ.

Зэхьэзэхуэм хэтащ спортсмен 15. Ахэр гупитIу гуэшауэ щытащ - килограмм 60-м нэблагъэхэмрэ абы щIигъухэмрэ. ЦIыхухэр зэрымащIэм щхьэкIэ къэмынэу, зэхьэзэхуэр удэзыхьэхыу, жыджэру екIуэкIащ, дэтхэнэ зыри и къару емыблэжу ныкъуэкъуащ.

ЗэIущIэхэм я судья нэхъыщхьэу щытащ 2015 гъэм мас-рестлингымкIэ Дунейпсо кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэхьэзэхуэм жэз медалыр щызыIэрызыгъэхьа, 2016 гъэм урысейпсо чемпионатым етIуанэ щыхъуа КъуэщIысокъуэ Кристинэ.

ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэхэм япкъ иткIэ, зи хьэлъагъыр килограмм 60-м нэблагъэхэм я гупым ещанэ увыпIэр щызэдагуэшащ Щомахуэ Каринэрэ Чабдаровэ Разиятрэ. ЕтIуанэ хъуащ ПщыхьэщIэ Анжелэ. Нэхъ псынщIэ дыдэу и ныкъуэкъуэгъум башыр къыIэщIэзыча Джатэжьей Асанэ япэ увыпIэр иубыдащ.

Килограмм 60-м щIигъу зи хьэлъагъхэм я зэпэщIэтыныгъэм дыщэр къыщихьащ Бэрбэч Альбинэ. ЕтIуанэ хъуащ Жашуевэ Оксанэ. Жэзыр зэдагуэшащ Махиевэ Динарэрэ Каибовэ Луизэрэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ грамотэхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мас-рестлингымкIэ и федерацэм и президент Гъубж БетIал, Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Григорьевэ Валентинэ, «Пантера» цIыхубз спорт клубым и директор Тэтэр ФатIимэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мас-рестлингымкIэ и цIыхубз командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Токаревэ Наталье сымэ.



● Баскетбол

## ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэхэр

**Накъыгъэм и 21-22-хэм Прохладнэ къалэм щызэхэтащ СССР-м спортымкIэ и мастер Заря Андрей и фэеплъу баскетболымкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Налшык, Прохладнэ, Владикавказ, Лермонтов, Мэздэгу къалэхэм къикIа командэхэр.**

ЗЭПЭЩIЭТЫНЫГЪЭ гуащIэхэм япэ увыпIэр щаубыдащ финал зэIущIэм владикавказдэсхэм щефIэкIа Налшык къалэм и командэм.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэу щытащ «Локобаскет - Школ Лигэ» урысейпсо зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и лIыкIуэ Тхьэкъуахъуэ Анатолэ.

● Футбол

## КIэух зэIущIэхэр къапоплъэ

**Налшык дэт курыт еджапIэ №31-м и стадионым щекIуэкIащ «Локобол-2016-РЖД» футболымкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэм и епщIанэ щIыналъэ Iыхьэр. Абы хэта командэ 24-м щыщу кIэух зэIущIэхэм нэса 16-м нэхъ лъэщхэр щызэхэкIащ.**

КОМАНДЭХЭР плIырыплIу гупиплIу ягуэшри, ягъэува мардэм тету зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Финал зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм «Школ №31»-м и командэр 1:0-у щытекIуащ «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщIэ командэм. Ещанэ увыпIэр Iэрыхьащ Налшык дэт Олимп резервхэр щагъэхьэзыр сабий-ныбжьыщIэ спорт школым. Ар 1:0-у ефIэкIащ прохладнэдэсхэм.

Джэгугъуэхэр зэфIэкIа нэужь, командэхэр ягъэлъэпIащ. Дэтхэнэми къылъысащ фестивалым и дамыгъэр зытет футболкэхэр, зэхьэзэхуэм и тхыдэр къыщыхьа брошюрэхэр, фестивалым зэрыхэтамкIэ сертификатхэр. «Урысейм и гъущI гъуэгухэр» акционер обществэ зэIухамрэ Мэзкуу и «Локомотив» спорт клубымрэ футболист нэхъыфIхэм папщIэ саугъэтиплI, республикэм футболымкIэ и федерацэм и президент Болэ Хьэсин саугъэтих ягъэхьэзырат.

Егъуэжь Анзор зи унафэщI къызэгъэпэщакIуэ комитетым къыхихащ футболист нэхъыфIхэр. Абы ипкъ иткIэ саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ Къуэдзокъуэ Темырлан, Тэмазэ Азэмэт, Боттаев Азрэт, Якушкэ Сергей, Ахъуэхъу Астан, Хэжь Мухьэмэт, КIэрэф Темырлан, Акопджанян Игорь, Бажэ Алан, Дадэ Темырлан сымэ. Ахэр цIыкIухэм иратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и федерацэм и президент Болэ Хьэсин, «Спартак-Налшыкым» и генеральнэ директорым и къуэдзэ Мэшыкъуэ Аслъэн, Налшык дэт Олимп резервхэр щагъэхьэзыр сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и директор Хьэмгъуокъу Мурат сымэ. Псом хуэмыдэу футболист ныбжьыщIэхэм гуапэу ирагъэблэгъащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр мы махуэхэм къызыфIаща, «Спартак-Налшыкым» и капитан Бажэ Амир.

Япэ увыпIэр зыубыда «Школ №31»-м и командэр хэтащ мэкъуауэгъуэм и 13-16-хэм Волгоград щекIуэкIа Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я финал зэIущIэхэм.

# КIыщ Мухьэдин: Си сурэт нэхъыфIыр щысщIынур дяпэкIэщ

● Ди псэлъэгъухэр

**«Адыгэ псалъэ» газетым къытхуеблэгъащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин. Испанием щыпсэу, щIэх-щIэхыурэ Налшык къэкIуэж ди хэкуэгъу художник цIэрыIуэм къыджиIэнрэ зытепсэлъыхьынрэ игъуэтынтэкъэ?! ЩIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн тщыхъуащ сурэтыщI Iэзэм иужьрей илъэсхэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ щхьэпэхэм, ахэр дунейпсо утыку зэрыщигъэлъэгъуам, гъуазджэм хуиIэ лъагъуныгъэм теухуа и гупсысэхэр:**



### IэщIагъэм къежьапIэ хуэхъуар

ХЭКУ зауэшхуэм и иужь илъэсхэм сурэт щIыным сыдихьэхащ, иджыри сысабийуэ. Альбом, къэрэндащ щащэ тыкуэн абы щыгъуэ иджыри щыIэтэкъым. Бахъсэн - Шэджэм гъуэгу Iуфэм сыкIуэрейт, блэжхэм машинэм кърадз газетыжьхэр къэсщыпыну. ЯпэщIыкIэ баш цIыкIу згъэсырти фIамыщIкIэ сурэтхэр газетым тесщIыхьырт. Апхуэдэу хуэм-хуэмурэ сурэт щIыным сыдихьэхащ.

Трактористу еджэ ди гъунэгъу щIалэ гуэрым еджапIэм блокнотрэ къэрэндащиплIрэ къыщратым, и блокнотым зы къэрэндащ щIигъужри къысхуэупсащ. ИужькIэ си школ кIуэгъуэм ирихьэлIэу ди къуажэм щаухуа тыкуэн цIыкIум къэрэндащ къашэу щIадзащ. Си адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуадэри, си анэмрэ сэрэ дэIэпыкъуэгъуншэу дыкъэнат. Сызэрытхэну Iэмэпсымэхэр къызэрысхуищэхун ахъшэ диIэтэкъым. Ди лъэпкъым я нэхъыжьым гу къыслъитэу сурэт зэрысщIын Iэмэпсымэхэр къыщысхуищэхум зызмыIэжьэу ахэр къэзгъэсэбэпу щIэздзащ. Къыхэгъэщыпхъэщ си анэми тхыпхъэхэр хэту сурэтхэр дахэу ищIу зэрыщытар. Арауэ къыщIэкIынущ щапхъэ схуэхъуари.

Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и курыт еджапIэм сыщIэтIысхьа нэужь, ди егъэджакIуэм гу лъитащ сурэт зэрысщIым. Доскам сыдишурэ псэущхьэхэмрэ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ сигъэщIырт. ИужькIэ си классэгъухэр абыхэм еплъурэ къытращIыкIыжырт. КIэщIу жыпIэмэ, сурэт щIынымкIэ сыегъэджакIуэт.

Етхуанэ классым сыщIэсу ди къуажэ библиотекэм и унафэщIым выставкэшхуэ схуищIауэ щытащ, урыс тхакIуэ цIэрыIуэхэу Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Толстой Лев, Грибоедов Николай сымэ я сурэтхэр, си Iэдакъэ къыщIэкIа нэгъуэщI куэди щызэхуэхьэсауэ. Ар си япэ гъэлъэгъуэныгъэми, апхуэдизкIэ сигъэгушхуати, сурэтыщI цIэрыIуэ сыхъуауэ зыкъысщыхъужащ. А выставкэм кърихьэлIат «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым хэтхэри. Абы сурэт щIыным дихьэхыу зы щIалэ яхэтти, сыкъилъыхъуэри, чэнджэщ къызитащ, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм сурэт щIыным щыхуэзыгъасэ Лукич Андрей и деж сыкIуэну.

Абы щыгъуэ зы автобус кIыхь гуэр тхьэмахуэм зэ ди къуажэм къикIыу Налшык къакIуэу арат. КъуажапщэмI и деж къыщыувыIэрти, къалэ бэзэрым кIуэнухэр зэщыгуауэ итIысхьэрт, абы щыгъуэми и ныкъуэр имыхуэу къанэу. А автобусымкIэ щIалэм Лукич Андрей и деж сишэри сигъэцIыхуауэ щытащ. Абы и деж илъэситIкIэ сыкIуэурэ зыщызгъэсащ. Шэджэм сикIыурэ Налшык нэс щIымахуэ гущIыIум лъэсу сыкъакIуэрти, пщыхьэщхьэм кIыфIу, гъуэгур щIигъэнауэ уэс куур телъу лъэсу сыкъэкIуэжырт, бэлъто пIащIэ цIыкIу фIэкI сщымыгъыу. ИужькIэ Краснодар къалэм и Художественнэ училищэм сыщIэтIысхьэри илъэсищкIэ сыщеджащ. КъыкIэлъыкIуэу, а къалэм дэт университетым илъэситхукIэ щыпысщащ. Художник Iэзэхэр, цIэрыIуэхэр щызэхуэсурэ мазитI-щыкIэ щылажьэу щыта Урысейм и сурэтыщIхэм я унэм илъэс 29-кIэ зэкIэлъхьэужьу сыкIуащ.

ЕджапIэ нэужьым Налшык и курыт еджапIэ №13-мрэ №7-мрэ сурэт щIынымкIэ егъэджакIуэу сыщылэжьащ. СызыщIэс фэтэрыр зей Нартокъуэ Хьэбалэ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и шофёру лажьэрт. Абы и унафэщI Темыркъан Владимир зэгуэр мыпхуэдэу жриIащ: «Жэщ-махуэ имыIэу сурэт Iэзэу зыщI зы щIалэ щыIэщ школым щригъаджэу. Ар лэжьапIэ щхьэ къыумыщтэрэ?». Апхуэдэу IэнатIэ згъуэтауэ щытащ.

### Иужьрей лэжьыгъэхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ

СИ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ куэд къызэщIаубыдэ. Абыхэм яхэтщ Къэбэрдейм, Африкэм, лъагъуныгъэм, нэгъуэщIхэм теухуа сериехэр, зы серием лэжьыгъэ 15-30 хыхьэу. БлэкIа илъэсищым Мадрид къыщыщIэдзауэ си лэжьыгъэхэр дуней псом и щIыпIэ куэдым, иджыблагъэ Москва, Налшык къалэхэм щызгъэлъэгъуащ. Налшык къалэм си выставкэр къыщызэIуахым хуабжьу цIыхушхуэ къекIуэлIащ, псори зэхэту 300-400 хъууэ къыщIэкIынщ. Ар дахэу къызэрагъэпэщащ, щIэщыгъуэу ирагъэкIуэкIащ. Пэжыр жыпIэмэ, Налшык зэи апхуэдиз лэжьыгъэ зэуэ утыку къыщрахьакъым. Москва щекIуэкIа си выставкэри апхуэдэу гукъинэж ящыхъуащ. Абы зынрагъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ.

ЗэрытщIэщи, республикэм выставкэхэр махуэм къыщызэIуах, балигъхэр лэжьапIэм, ныбжьыщIэхэр еджапIэм иджыри щыIэу. Къумахуэ Мухьэдин къыхилъхьащ си выставкэм концертышхуэ къыщызэрагъэпэщыну, цIыхухэм я сабийхэр я гъусэу къакIуэу зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэужьын папщIэ. НыбжьыщIэхэр адыгэ, испан макъамэхэм къыдэфащ, уэрэдхэр жаIащ. КъищынэмыщIауэ, нэгъуэщI республикэм къикIа хьэщIэхэр, си лэжьыгъэхэм ятеухуа тхылъ зытха академикыр нэгъунэ къакIуэри къыщыпсэлъащ. Ауэ, згъэщIагъуэр выставкэр къыщызэIуахкIэ цIыхушхуэм зыкърагъэхьэлIэу иужькIэ зэхуащIыжыху махуэ къэс мащIэ дыдэ фIэкI къызэремыкIуалIэрщ. Пэшищым си лэжьыгъэ нэхъ инхэм ящыщу 400, нэхъ цIыкIуу 300-м нэблагъэ къызэщIаубыдащ. А сурэтхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ Налшык къыдошэ, гугъуехьхэр пылъу, мылъкушхуэ текIуадэу, си хэкуэгъухэм къахуэзгъэнэн мурадкIэ. ЗэрыжаIэу, ныбжькIэ сыщымыщIалэжкIэ лэжьыгъэхэр си хэкуэгъухэм нэхъ яхуэщхьэпэну къызолъытэ.

Лъэпкъ музейм сурэтхэр щахъумэу зы пэш цIыкIу яIэу аращи, абы си лэжьыгъэхэр щIэхуэнукъыми пIалъэкIэ си мастерскойм сшащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хъумапIэ къагъуэтыху ахэр цIыхухэм ялъэгъунукъым икIи я сэбэп екIынукъым. ИлъэсипщIкIэ узэIэбэкIыжмэ, Шэджэм районым сыкъагъэгугъащ музей схуащIыну. Ар а зэманым республикэм и Iэтащхьэу щыта Къанокъуэ Арсени къадиIыгъауэ щытащ, арщхьэкIэ псалъэмрэ Iуэхумрэ зы хъуакъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пэши къагъуэтыфакъым, музеи яхуэухуакъым. Къэгъэгугъэ къудей мыхъуу а Iуэхур КIуэкIуэ Юрий зэфIигъэкIыну жиIащи дыпэплъэнщ.

### НатIэм къритхар

ЗЭРЫТЩIЭЩИ, ущыщIалэм и деж, дауи, уегупсысыркъым щхьэгъусэу къыхэпхыр уи хьэлым къытехуэнрэ къытемыхуэнрэ. Си щхьэгъусэр къыщысшам илъэс 17 иджыри хъуатэкъым, уеблэмэ, нэчыхь ятхын ядэртэкъым. Сурэт сщIыхэр абы фIэгъэщIэгъуэнтэкъым, гъуазджэм дихьэхыртэкъым. Абы теухуауэ дызэгурыIуэртэкъым. Апхуэдэурэ щыкIуэм дызэбгъэдэкIыжын хуей хъуащ. Абы щыгъуэм сэ фIыуэ къызгурыIуащ акъылэгъу къыздэхъунур гъуазджэм дихьэх цIыхуу зэрыщытыр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сурэтыщIым удэпсэуну гугъущ, ар зэпымыууэ щIыналъэ куэдым кIуэн, гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтын хуей мэхъури. НэгъуэщI куэди пыщIащ абы ...

Нэхъыщхьэращи, си япэрей щхьэгъусэ Лусенэрэ сэрэ бий дызэхуэхъуакъым. СабиитI - Юрэрэ Маринэрэ - къытщIэхъуащ. Маринэ ди гъусэу Мадрид щыIэщ. Юрэ Налшык дэсщ, сабиищ иIэу. Бын ущиIэкIэ бий зызэхуэпщI хъунукъым, фIыуэ узэхущытын, узэкIэлъыкIуэн хуейщ. Зэбииным нэхърэ нэхъ делагъэ щыIэкъым, ар кIыхь щыхъукIэ лъэныкъуитIри фIы хуишэркъым, псантхуэхэм я дежкIи зэранщ, узыншагъэр ирегъэкIакIуэ. Си жагъуэ къэзыщIам зэи хуэзгъэгъуркъым жызыIэм захуагъэ жиIэу къыщыхъу щхьэкIэ, ар делагъэщ, атIэ захуагъэкъым. Хуэгъэгъуни, екIужыни, епсэлъэни хуейщ. Уи Iэпэр зэрыIыгъыу къыумыкIухьми сэлам зэпхыпхъэщ.

Москва пэгъунэгъуу щыIэ СурэтыщIхэм я унэм илъэс 20 ипэкIэ Жаклинрэ сэрэ дыщызэрихьэлIащ, сурэт ищIыну нэкIуауэ. Абы щыгъуэм илъэс 25-кIэ сымыкIуауэ тезгъэзат. ДызэрыцIыхуа къудей мыхъумэ, зэпыщIэныгъэ ди зэхуаку къыдэхъуатэкъым. Ауэ, натIэм къритхам уфIэмыкIыу жыхуаIэр, пэжщ. Абы иужькIи куэд мыщIэу тIури а щIыпIэм зы мазэм ирихьэлIэу аргуэру дыкIуащ, дызэрымыщIауэ, телефонкIи дызэмыпсэлъауэ. Абы дыщызэрихьэлIэжым си мастерскойм къезгъэблэгъащ, сурэтхэр зэтетхащ. Пшыхь, концерт Iэджэм зэгъусэу дыкIуащ, ди нэгу зедгъэужьащ, нэхъ гъунэгъуу дызэрыцIыхуащ.

Жаклини Лусени фIы дыдэу зэхущытщ, концерт, нэгъуэщI щэнхабзэ зэхыхьэ жыпIэми щыри зэгъусэу докIуэ. Жаклин хэзгъэзыхьри и щхьэгъусэу щытамрэ сэри дызэрыцIыхуащ. ЗыщIыпIэ дыщыIауэ дыщыкIуэжкIэ кхъухьлъэтапIэм деж къыщытпежьэурэ дрегъэблэгъэж. Абыи сурэтыщI гъуазджэм фIыуэ хещIыкI, тхакIуэ Iэзэщ. КIэщIу жыпIэмэ, псори дызэныбжьэгъущ, дызэкIэлъокIуэ.

СурэтыщI гуэрым газетым къытригъэдзауэ щытащ: «Жаклин хуэдэ щхьэгъусэ сиIамэ, сэри Мухьэдин нэхърэ мынэхъ Iейуэ сурэтхэр сщIынт» жиIэу. Абы и жэуапу фейсбукым щыстхащ: «Нобэ Жаклин къыщалъхуа махуэщ. СурэтыщI псоми Жаклин зырыз Тхьэм къыбит!». Ар щIыжысIэращи, Жаклин ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ, ХудожествэхэмкIэ Урысей академиехэм щIыхь иIэу хэтщ икIи си менеджерщ. БзиплI къабзэу ещIэри, ахэр къигъэсэбэпурэ си выставкэхэм теухуауэ Iуэху куэд зэфIегъэкI. КъищынэмыщIауэ, зы лэжьыгъэ гуэр ящэхуауэ егъэхьын, зыгуэр зэгъэзэхуэжын, псэукIэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIэгъэкIын хуейми зи пщэ дэлъыр аращ.

### Испаниер псэупIэ зэрытщIар

ЖАКЛИН сэрэ ди нэчыхьыр едгъэтха нэужь, илъэситхукIэ Лондон дыщыпсэуащ. А щIыпIэм щIымахуи, гъатхи, гъэмахуи, бжьыхьи зы махуэ къэмынэу уэшх къыщошх, зэпымыууэ уэтIпсытIщ, икIи мыщIыIэу икIи мыхуабэу. Испаниер щIысфIэфIыр дыгъэпсыр зэрыщыкуэдырщ. Пшагъуэр махуэ зыбжанэ телъуращ. КIуэ аракъэ, гъатхэм уэшх тIэкIу щыIэм сщIэркъым, армыхъумэ зыри къыщешхыхэркъым. Адыгэхэм хуэдэу, абыи щыпсэу цIыхухэр гуапэщ, хабзэ я хэлъщ, хьэлэлщ. СызэрыцIыкIурэ сыщIэхъуэпсырт Андалузием сыщыпсэуну. Лондон дэт ди унэр тщэжщ, Испанием щIапIэ ин къыщытщэхури, абы унэ щедгъэщIащ, мастерскойр и гъусэу. Унэшхуэ, жыг хадэ диIэщ. А унэм и щхьэм мастерскойр тету арац, метрои ситIысхьэркъым, хьэгъуэлIыгъуи фадафи сыкIуэркъым. Махуэ къэс солажьэ. Апхуэдэу илъэс 15 хъуауэ Испанием дыщопсэу.

А щIыпIэм щыпсэухэм хуабжьу яфIэфIщ сыхьэт бжыгъэкIэрэ псэлъэн. Я шэджагъуашхэр сыхьэтиплIсыхьэтитхукIэ йокIуэкI, адыгэ нэчыхьытхым зыкIи къыкIэрымыхуу. ХьэщIэхэр къыщыдыхьэкIэ сэлам язох, садошхэри мастерскойм сыдокIуеиж. Сышхэн къудей мыхъумэ, сыпсэлъэн щхьэкIэ стIолым зэи сыпэрыскъым, зэпымыууэ Жаклинщ ядэщысыр. Зэману сиIэр сурэт щIыным тызогъэкIуадэ.

Испанием щыпсэу цIыхухэр апхуэдизкIэ зэрыIыгъщи, зыгуэркIэ уи Iуэху дэхуэхмэ, къэкIуэнурэ къыбдэIэпыкъунущ, зыкъыпщIагъэкъуэнущ. Нэжэгужэу къыпхущытщ, гузэвэгъуэ зиIэми гуфIэгъуэ зиIэми кIэлъокIуэ. Англием щыпсэухэм узэрыкIуэнум теухуа хъыбар нэхъапэIуэкIэ йомыгъэщIамэ, я унэм ущIамыгъэхьэнкIи хъунущ, ауэ испанхэм сыт щыгъуи гуапэу урагъэблэгъэнущ, я стIолри къыпхуаузэдынущ. Англием къытрагъэувэн хуей хабзэм щIрагъэгъуркъым, хьэщIэми ар и жагъуэ хъунущ. Инджылызхэм зыгуэрым и Iыхьлы лIамэ ахъшэ иритынурэ щIригъэлъхьэнущ, лэжьапIэ кIуэни абы щхьэкIэ къимыгъанэу. ЛэжьакIуэшхуэхэщ, гуащIэдэкIым пщIэ хуащIри лэжьыгъэм къыпхубгъэдэкIынукъым, атIэми апхуэдэ щхьэусыгъуэ уиIэу лэжьапIэ укIуэныр емыкIущ.

### Спэгъунэгъу художникхэр

ЛIЭЩIЫГЪУЭ къэс сурэтыщI IэзэхэмкIэ къулейуэ къогъуэгурыкIуэ. Мы дызытехьам къриубыдэу художник цIэрыIуэ куэд щыIэу пхужыIэнукъым. Инджылыз сурэтыщI Холкинг Дэвид и лэжьыгъэхэр сигу ирохь. Ар компьютерымкIи фIыуэ мэлажьэ, и мастерскойм зэгуэр дыщыIащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, зи цIэ Iуахэр куэду щыIэщ, ауэ абыхэм я нэхъыбэм я цIэр гъэпцIагъэщ зэрыхагъэIуар. ЗищIысыр къыбгурымыIуэу зыгуэрхэр зэхатхыхьауэ. Апхуэдэхэр сурэтыщIу къэслъытэркъым.

### Гукъеуэхэр

ХЭКУМ, си лъэпкъэгъухэм сахуэзэшауэ си нэ къикIыу сыкъокIуэж. Зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ ди телевиденэмрэ радиомкIэ жэщ хъуху къафэрэ джэгурэ фIэкI къатыркъым. Нэхъапэхэм сыхьэт бжыгъэ мащIэ дыдэ фIэкI зыхухамыхыу щыта радиор иджы зэпымыууэ махуи жэщи мэлажьэ, арщхьэкIэ къафэрэ уэрэдрэ фIэкI зэхэпхыркъым. СурэтыщIхэм, тхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм ятеухуа нэтынхэм зэзэмызэххэ фIэкI урихьэлIэркъым. Ди щIыналъэм хуэдэ щымыIэу къызыхэщ апхуэдиз къафэрэ уэрэдрэ щIэбгъэдэIу цIыхухэм абы я зэран екIынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Республикэм щыпсэухэр абы зэреплъыр сщIэркъым - хэт ищIэрэ, есэжагъэнкIи хъунщ. Ауэ, си щхьэкIэ апхуэдизу сызыхуэзэшауэ сызыхуэпабгъэу сыкъыздэкIуэж си хэкуэгъухэм я жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ апхуэдиз къафэмрэ уэрэдымрэ утыку къыщIислъхьэр тIэкIу сIэщIэужэгъуауэ сокIуэж. Абы гу лъывэзгъэтэну арац. Сыхуейт композиторхэм, щIэныгъэлIхэм, сыт хуэдэ унэтIыныгъи ирехъуи, лэжьакIуэшхуэхэм я IуэхущIафэхэм критикэ хэлъу тепсэлъыхьыну, абыхэм цIыхубэр хагъэгъуэзэну. Хабзэм, муслъымэныгъэм, гъэсэныгъэм теухуа нэтынхэр иджыпсту щхьэпэщ, къафэм, джэгум, уэрэдым апхуэдиз зэман хухамыхми. Абы и лъэныкъуэкIэ программэм хэплъэжамэ хъунт. ЖыпIэнуракъэ, зы лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, республикэм зэпымыууэ хьэгъуэлIыгъуэ щекIуэкIыу къыпщегъэхъу. ГуфIэгъуэ Iуэхур хъарзынэщ, ауэ абы япэ игъэщыпхъэхэр гъунэжщи, арац щIыжысIэр. ЦIыхухэр къафэ, уэрэд едэIуэнумэ иджыпсту Iэмал куэд яIэщ.

### Дэрэжэгъуэ къызэзытымрэ си хъуэпсапIэхэмрэ

СИ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭРАЩ гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къызэзытыр. АпхуэдизкIэ лэжьыгъэ куэд дыдэ зэфIэзгъэкIыну си мурадщи, ахэр зыр адрейм иужь иту зэрыщIэздзэным, зыр сыухыу къыкIэлъыкIуэм сызэрыпэрыхьэнум сыщIохъуэпс. Налшык сыкъыщыкIуэжкIэ сылэжьэну зэман сиIэкъыми сурэт щIыным хуабжьу сыхуэзэшауэ, сытехьэулеикIа хуэдэу къысщыхъужу, тIэкIуи сызыхуэмыарэзыжу, абы сриукIытэжу лэжьыгъэм сыпэрохьэж.

ЦIыхухэм телъыджэ, щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн ящыхъун, мыхьэнэ ин зиIэ, куэду зэхэухуэна лэжьыгъэ щхьэпэ къызэхъулIэнырщ нэхъыбэу сызыщIэхъуэпсыр. Си сурэт нэхъыфI дыдэр иджыри къызэмыхъулIауэ, щысщIынур дяпэкIэу къысщохъу. Псори къыхузоджэ гъуазджэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



**Къэнжал зауэ.**
*Сурэтыр* **КIыщ Мухьэдин** *ищIащ.*

● Европэм и чемпионат

# ЩытыкIэ гугъум ихуами, иджыри хэкIыпIэншэкъым

**Футболымкlэ Европэм и чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэм и етIуанэ джэгугъуэр вэсэпшыхь къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Словакиемрэ я командэ къыхэхахэм я зэпэщIэтыныгъэмкIэ.**

ЗЫХЭТ «В» гупым щынэхъыфIхэм яхыхьэу Европэм и чемпионыгъэм адэкIэ щIэбэныну Iэмал яIэн папщIэ, махуиплI ипэкIэ псоми яфIэтелъыджэу инджылызхэм зы очко къафIэзыхьыфа ди щIалэхэм къапэщылът иджы словакхэр хагъэщIэну. АдэкIэ гъуэгур къызэIухат. АрщхьэкIэ абыхэм я хьэрхуэрэгъухэри къикIуэт хъунутэкъым: япэ джэгугъуэм Уэльсым и командэ къыхэхар къазэрытекIуам къыхэкIыу къэгъазэ яIэтэкъым. Арати, зэныкъуэкъуныгъэр хуабжьу гуащIэ хъуащ.

Урысей Федерацэм и футболистхэм джэгур жыджэру ирагъэжьащ. АрщхьэкIэ абыхэм я егъэрыкIуэныгъэхэр словакхэм хуэм-хуэмурэ къызэтрагъэувыIэри, езыхэр япэкIэ кIуэтащ. Ди хьэрхуэрэгъухэм топыр нэхъ Iэзэу зэIэпахырт икIи нэхъ псын- щIэт. Ар наIуэ дыдэ хъуащ 33-нэ дакъикъэм - Вайсс Владимир Урысейм и гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIри, бжыгъэр къызэIуихащ.

Апхуэдэ щIэщхъум ди футболистхэм я лъэр щIигъэхуащ. Загъэпсэхуну икIыным зымащIэ дыдэ фIэкIа къэмынэжауэ, Словакием и ефIэкIыныгъэр 2:0-м нэсащ. Гамшик Марек зэуа топым къезыгъэгъэзэфын щыIэу къыщIэкIынтэкъым.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэр словакхэм зэрыхуейм хуэдэу ирагъэкIуэкIащ икIи, 80-нэ дакъикъэм Глушаков Денис зы топ къахудигъэкIыжа щхьэкIэ къэмынэу, 2:1-уэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ, «В» гупым бжьыпэр щаубыдащ инджылызхэм. Ахэр 2:1-уэ дыгъуэпшыхь Уэльсым текIуащ.

КъызэрыхагъэщIам щхьэкIэ къэмынэу, Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар зэхьэзэхуэм адэкIэ щыкIуэтэфынущ. Абы папщIэ блыщхьэ къакIуэ Iэмал имыIэу Уэльсым ефIэкIын хуейщ.

«F» гупым хэтхэращ иужь дыдэу Европэм и чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэм хыхьар. Гъубжым абыхэм ирагъэкIуэкIа япэ зэIущIэхэр куэд зэрыщымыгугъауэ иухащ. Къапщтэмэ, венгрхэр 2:0-у Австрием и командэ къыхэхам текIуащ. Европэм и футболист нэхъыфIхэм ящыщ Роналду зи пашэ португалхэр япэ дыдэу мыпхуэдэ зэпеуэхэм хэт Исландием пэлъэщакъым - 1:1.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

«В» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **Инджылыз** | **2** | **1** | **1** | **0** | **3-2** | **4** |
| 2. **Уэльс** | **2** | **1** | **0** | **1** | **2-2** | **3** |
| 3. **Словакие** | **2** | **1** | **0** | **1** | **2-2** | **3** |
| 4. Урысей Федерацэ | 2 | 0 | 1 | 1 | 2-3 | 1 |

● Оперативнэ штабым къет

# Шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэр



**КъБР-м Террорым пэщIэтынымкIэ и лъэпкъ комитетым и оперативнэ штабым 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м Налшык къалэ, «КъТРК «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием щригъэкIуэкIащ террор щIэпхъаджагъэр къызэрызэпаудыну Iэмалхэм щыхуагъасэ-щыхурагъаджэ Iуэху (ТСУ).**

АР ЗЫТЕУХУАР цIыху куэд щызэхуэс IуэхущIапIэм террор щIэпхъаджагъэ къыщыхъу хъужыкъуэмэ, абы пэщIэтынухэм я къарур зэрызэщIагъэуIуэну щIыкIэрщ. Оперативнэ штабым и унафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, абы хэта псори я къалэнхэм пэлъэщащ.





● Налшык

# Сабийхэр ягъэгуфIэ

**Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж «Радуга» IуэхущIапIэм и хьэщIащ Налшык гъуазджэхэмкIэ и сабий школ №1-м и гъэсэнхэр.**

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ ягъэзэщIащ ди къэралым, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я къафэхэмрэ макъамэхэмрэ.

Пшыхьым кърагъэблэгъа адэанэхэр дихьэхыу едэIуащ илъэс 30-40 ипэкIэ цIэрыIуэу щыта эстрадэ уэрэдхэм.

ГъуазджэхэмкIэ школым театрымкIэ и къудамэм щеджэхэм ягъэхьэзыра спектакль теплъэгъуэхэр теухуат школ гъащIэм, еджакIуэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм.

КъэфакIуэ ныжьыщIэхэм «Калейдоскоп зэмыфэгъу» зыфIаща программэр псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныжт. Абыхэм ягъэзэщIа европей, латино-американ къафэхэм хьэщыкъ ямыщIа залым щIэсакъым.

Iуэхум жыджэру хэта егъэджакIуэхэм цIыкIухэр щагъэгъуэзащ макъамэ Iэмэпсымэхэм я тхыдэм.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэгурыIуащ мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкIыну.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**


Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **НафIэдз Мухьэмэд,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2, 3 -нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №823